

PLANT: Reading Hospital	
MANYÈL: Pou òganizasyon (Administrasyon)	DOSYE: Dwa ak Responsablite Moun lan
TIT: Asistans Finansyè pou Pasyan	MÈT DOKIMAN: Direktè pou Aksè Pasyan
MOUN K AP ADMINISTRE DOKIMAN AN: Vis Prezidan Sik Resèt yo	MO KLE:
DAT ORIJINAL LA: Jen 2004	DAT REVIZYON: Novanm 2015, Me 2016, Septanm 2017, Mas 2019

KAD:

Nan kad dokiman sa a, abrevyasyon RHS la refere a sikisal Reading Health System (RHS) annapre yo: Reading Hospital (san bliye Reading Health Rehabilitation Hospital) ak Reading Health Physician Network. Politik ak pwosedi sa pa valab pou doktè ki pa anplwaye men k ap bay pasyan RHS swen.

OBJEKTIF:

Asire gen pwosedi estanda ki tabli epi k ap pratike nan RHS yon fason pou idantifye epi kontinye bay pasyan ki gen bezwen yo asistans finansyè. RHS la se yon òganizasyon charite ki anba Kòd Revni Entèn (Internal Revenue Code) (IRC) Seksyon 501(c) (3). Daprè IRC Seksyon 501(r), li obligatwa pou defini epi pibliye tout kote politik sou asistans finansyè òganizasyon an. Entansyon politik la se idantifye epi sèvi pasyan ki nan nesosite, ansanm ak konsyantize plis posib sou asistans finansyè ki egziste nan Sistèm Sante an ak kominote an.

POLITIK:

Nan kad misyon RHS la pou l bay swen sante byenveyan, fasil pou twouve, kalite siperyè, pa twò chè nan kominote a, li rekonèt se pa tout pasyan ki gen menm kapasite pou peye pou sèvis medikal. RHS dwe pibliye tout kote asistans finansyè ki genyen pou kominote a nan sitwèb Sistèm Sante a, bwochi epi angajman ak gwoup militan kominote a. Konseye finansye a ap fòme pasyan ak fanmi sou resous ki genyen yo e l ap bay èd tou nan demann asistans finansye yo ak pwosesis apwobasyon an pou asire tout pasyan ap kontinye genyen posiblite pou yo jwenn swen yo bezwen an.

DEFINISYON:

Montan Lajan Yo Touche Jeneralman (AGB, Amounts Generally Billed): Seksyon 501(r)(5)(A) mande pou òganizasyon lopital limite kantite lajan yo touche pou ijans oswa lòt swen medikal nesèsè yo bay moun ki kalifye pou asistans nan kad FAP òganizasyon an (FAP-moun ki kalifye pou l pa plis pase kantite lajan jeneralman yo touche nan men moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo. Pou kalkile AGB, yo sèvi avèk metòd pwospeksyon ki baze sou frè Medicare pou pri sèvis yo.

EMTALA (the Emergency Medical Treatment and Labor Act/Lwa sou Tretman ak Travay Medikal nan Sitiyasyon Ijans): Egzijans règleman federal ki mande tout lopital ki asepte pèman nan men Medicare pou yo bay nenpòt pasyan k ap chèche tretman ki rive nan depatman ijans

Ian swen, san konsidere sitwayènte pasyan, sityasyon legal li nan peyi Etazini oswa kapasite l pou l peye sèvis yo.

Konsiy Federal sou Povrete(FPL): Yo pibliye konsiy sa yo chak ane nan rejis Federal la epi yo sèvi avèk yo kòm referans pou detèmine nivo povrete a. Ministè Sante ak Sèvis Imen pibliye enfòmasyon statistik sa yo.

Asistans Finansyè: Swen sante yo bay pasyan yo san yo pa espere touche pou sèvis la, an antye oswa pa mòso, apre yo jwenn sityasyon finansyè pasyan an pa pèmèt li peye.

Moun k ap bay garanti an: Yon moun ki gen responsablite legal ak finansyè pou peye bòdwo yon pasyan.

Sèvis ki koute chè: Poutèt politik sa a, definisyon sèvis ki koute chè se (men pa sèlman) sèvis ki soti nan depatman ki koute chè yo, tankou imajri depwent, kadyoloji, sèvis peri-operatwa, admisyon pwograme ak sèvis respiratwa, ansanm ak sèvis terapi pou pasyan ekstèn.

Konpozizyon fwaye a: Se kantite taks fwaye an ki detèmine sa. Gwosè fwaye a gen ladann (men pa sèlman) moun k ap peye taks, madanm/mari moun k ap peye taks la ak lòt depandan fiskal.

Revni fwaye a: Revni moun ki rete nan kay la gen ladann (men pa sèlman) salè, enterè, dividann, avantaj sekirite sosyal, avantaj sosyal pou veteran, pansyon ak revni madanm oswa mari. Pou rezon kalifikasyon pou asistans finansyè, egzanp revni ki pa ladann se avantaj èd tanporè pou fanmi ki nan nesosite (TANF), avantaj pwogram asistans nitrisyon siplemantè (SNAP), avantaj pwogram asistans kouran nan kay pou moun ki gen ti revni (LIHEAP) ak avantaj sosyal pou fè fas ak move tan.

Medicaid: Yon pwogram onivo federal e leta ki ede ak depans medikal pou kèk moun ki gen revni ak resous limite.

Sèvis ki nesèsè sou plan medikal: Sèvis swen sante oswa founiti ki nesèsè pou dyagnostike oswa trete yon maladi, blesi, move eta sante oswa sentòm li yo, epi ki respekte nòm medsin ki aksepte yo.

Pasyan ki Sipoze Elijib: Pasyan ki sipoze elijib pou asistans finansyè sou baz sikonstans lavi tankou sanzabri, san salè, oswa elijibilite anvan sa pou pwogram asistans finansyè.

Pasyan ki pa gen ase kouvèti asirans: Pasyan ki gen kouvèti asirans ki lakòz chaj finansyè lou pou pasyan yo peye bòdwo medikal yo.

Pasyan ki pa gen kouvèti asirans: Pasyan ki pa gen kouvèti asirans pou bezwen medikal yo.

PWOSEDI:

1) Fè konnen opsyon Asistans Finansyè ki genyen pou Pasyan

- a) Regleman sou Asistans finansyè ak aplikasyon pou asistans finansyè nan moman an, nan lang angle ak panyòl, disponib nan: <https://reading.towerhealth.org/patients-families/billing-and-insurance/financial-assistance/>. Anplis, Tower Health kenbe, epi mete ajou omwen chak trimès, yon lis tout founisè yo (idantifye pa non, gwoup pratik / antite, seksyon lopital oswa kalite sèvis) kap bay swen ijans oswa lòt swen medikal nesèsè nan

Reading Hospital ki endike ki founisè ki kouvri oswa ki pa kouvri pa regleman sou Asistans Finansye pou Pasyan an. Lis founisè sa a disponib anliy sou sitwèb Reading Hospital ki annapre a: <https://reading.towerhealth.org/find-doctor/epi> ou ka jwenn yon kopi gratis lè w kontakte Liy Referans la nan 484-628-HELP. Frè pou sèvis doktè ki pa anplwaye Reading Hospital yo pa nan regleman asistans finansye a.

- b) W ap jwenn panflè nan lang anglè ak espayòl nan lòbi ak sal datant RHS yo. Panflè sa yo bay yon rezime fasil pou li sou pwogram asistans finansye an, ak enfòmasyon pou kontakte anplwaye RHS k ap asiste pasyan yo ak pwosesis aplikasyon an. Panflè sa yo distribiye tou bay pasyan nan pwen anrejistremant atravè RHS yo. Pasyan ki pa asire oswa ki fè konnen yo pa kapab peye nan kote yo pran sèvis la resevwa panflè a. Pasyan pou ijans ki nan sitiyoasyon sa yo ap resevwa panflè a lè yo ba yo egzemat.
- c) Relve bòdwo pasyan pou sèvis RHS gen ladan yo konsèy ak sa pou fè sou pwogram asistans finansye ki genyen an. Mete sou sa, dèyè do relve bòdwo a se yon aplikasyon pou asistans finansye.
- d) RHS ap travay nan tèt ansanm ak pwogram militans nan kominote a. Ajans sa yo konnen politik asistans finansye RHS la. Ajans tankou Berks Western Clinic, Opportunity House, Berks Encore, Berks Community Health Center ak Daniel Torres Hispanic Center, ansanm ak Biwo Asistans Konte a (County Assistance Office).

2) Idantifye pasyan ki gen bezwen Asistans Finansye pou sèvis medikal ki nesèsè:

- a) Kòm konsekans pwosesis verifikasyon kouvèti pou sèvis finansye pasyan RHS la, ap genyen opòtinite pou idantifye pasyan ki pa asire ak pasyan ki pa asire ase. Resous konsèy finansye RHS yo ap ede pasyan sa yo ak pwosesis aplikasyon Medicaid la.
- b) Pasyan yo refize bay kouvèti Medicaid, oswa yo evalye epi yo jwenn ki pa ranpli kondisyon pou kouvèti Medicaid la, y ap mete yo nan pwogram Asistans Finansye Pasyan an.
- c) Sèvis finansye pasyan RHS yo ap itilize resous kalifikasyon ki egziste yo pou detèmine kouvèti asirans ak avantaj ki genyen pou tout pasyan yo. Pou pasyan ki gen randevou, verifikasyon kouvèti a ap fèt anvan pasyan an rive pou tout sèvis ki koute chè yo (pa egzanzp. MRI, CT Scan, pwosedi chiriji, sèvis kadyoloji). Pasyan ki gen randevou e k ap resevwa sèvis ki pa koute chè, ansanm ak pasyan ki pa gen randevou, ap genyen kouvèti yo verifye nan moman admisyon an. Kòm konsekans pwosesis verifikasyon kouvèti a, yo ka mande pasyan pou yo peye lajan responsablite pasyan yo anvan yo bay yo admisyon. Y ap verifye kouvèti pasyan sèvis ijans apre egzamen depistaj medikal, jan egzizans EMTALA yo mande sa.
- d) Politik pou faktire ak touche nan Lopital Brandywine esplike pwosesis Lopital Brandywine pral itilize pou chaje epi touche nan men pasyan ki pa gen asirans yo, epi chèche touche lajan ki poko peye yo. Pousantaj pou moun ki pa gen asirans lan se 70% AGB a epi yo aplike l nan moman y ap fè premye pèman. W ap jwenn politik faktirasyon ak touche lajan apa sa nan Lopital Brandywine sou sit entènèt lopital Brandywine lan, epi ou ka mande yon kopi sou papye, gratis, ak yon imel w ap voye bay call.center@towerhealth.org oswa lè w rele nan 484-628-5683.

3) Detèmine elijiblite pou Asistans Finansye

- a) Pasyan k ap chèche, oswa ki resevwa sèvis medikal nesèsè epi ki montre enkapasite yo pou peye sèvis yo, ap konsidere pou politik asistans finansye an.
- b) Pasyan k ap vizite soti nan lòt peyi epi ki bezwen sèvis ijans kalifye pou konsiderasyon asistans finansye. Sepandan, pasyan k ap vizite peyi Etazini ak lentansyon pou yo resevwa swen ki pa ijan pa kalifye pou asistans finansye an jeneral.
- c) Y ap mande pasyan pou yo bay prèv revni fwaye an ansanm ak non moun ki nan fwaye a, kòm yon egzizans pou antre nan pwosesis aplikasyon an. Enfòmasyon sa yo ap sèvi

pou wè ki kote nan Konsiy Federal sou Nivo Povrete a (Federal Poverty Level Guidelines oswa FPL), fwaye a tonbe. Kategori FPL la ap di kantite lajan pasyan oswa moun k ap bay garanti an ap peye pou bòdwo medikal yo jan tablo anba montre a:

- d) Yo afekte yon kantite lajan alokasyon pou chak kategori FPL epi pou yo kalkile l yo sèvi ak pousantaj yo asiye nan Frè-Medicare la pou Pri Sèvis. Pou pasyan ki piwo pase 400% FPL la, pousantaj pou moun ki pa gen asirans lan aplike.

Kategori FPL	Alokasyon	Lajan maksimòm pasyan peye pou chak rankont/vizit
= < 200% FPL	100% alokasyon asistans finansyè	\$0
ant 201% ak 250% FPL	90% alokasyon sou to MCR FFS	\$300
ant 251% ak 300% FPL	80% alokasyon sou to MCR FFS	\$500
ant 301% ak 350% FPL	70% alokasyon sou to MCR FFS	\$1,000
ant 351% ak 400% FPL	50% alokasyon sou to MCR FFS	\$2,000

- e) Yo ka detèmine pasyan ki gen chans pou elijib pou asistans finansyè a sou baz sikonstans y ap viv nan moman an. RHS ap itilize tout resous disponib pou verifiye chans pou elijib la. Egzanp: y ap pran an konsiderasyon resous pou verifikasyon elektwonik, lèt rekòmandasyon ki soti nan men manm fanmi oswa abri, ak/oswa pwòp eksplikasyon pasyan an sou sitiyasyon lavi li. Pasyan ki kalifye pou elijibilite posib ap resevwa 100% asistans finansyè.
- f) Nou ankouraje pasyan kòmanse aplike pou asistans finansyè pi vit posib nan pwosesis pou jwenn swen medikal la. Pi bonè RHS konnen pwoblèm finansyè yo, plis posiblite pasyan an genyen pou l konekte vrèman ak resous ki ka genyen tankou Medicaid oswa lòt asistans oswa pwogram asirans. Se vre li ideyal pou kòmanse pwosesis la pi vit posib, men pasyan elijib pou mande konsiderasyon asistans finansyè nan nenpòt pwen nan pwosesis faktirasyon ak rekouvremant an. Si aplikasyon pou asistans finansyè a lanse pandan kont lan twouve l nan pwosesis rekouvremant, aktivite rekouvremant yo ap kanpe jiskaske yo pran desizyon sou elijibilite a.
- g) Pasyan ki kalifye pou asistans finansyè yo pral peye mwens pase frè brit pou nenpòt ka ki pa ijans ak swen ki pa nesèsè sou plan medikal yo bay nan lopital la.
- h) Desizyon konsènan elijibilite pou asistans finansyè ap fèt nan 14 jou apre yo resevwa yon aplikasyon asistans finansyè konplè. Y ap analize aplikasyon enkonplè yo epi y ap eseye kontakte pasyan/moun kap bay garanti a pou plis enfòmasyon. Y ap voye yon lèt konfimasyon nan lang anglè ak espanyòl, ansanm ak yon relve bòdwo revize bay pasyan an pou eksplike l rezilta desizyon an. Relve bòdwo revize a ap gen ladan l tout lajan pasyan an peye anplis nan gade kantite lajan ki dwe. Lè asistans finansyè an apwouve, lèt konfimasyon an ap sèvi tou kòm yon mwayen pou presize peryòd tan detèminasyon asistans finansyè an kouvri. Lèt konfimasyon an ap gen ladann yon non kontak pou pasyan kenbe kòm referans ak resous pou si l gen lòt kesyon.
- i) Si asistans finansyè a pa apwouve, y ap voye lèt nan lang anglè ak espanyòl pou bay rezon ki fè se desizyon sa yo pran ansanm ak enfòmasyon sou lòt metòd pèman. Si pasyan ta vle fè apèl kont desizyon yo pran an, y ap di l kijan pou l fè pwosesis apèl la.
- j) Pasyan oswa moun ki bay garanti ki pa dakò ak rezilta desizyon elijibilite pou asistans finansyè a ap gen posiblite pou l fè apèl desizyon an. Analiz demann apèl la se Direktè Aksesibilite Pasyan ki ap fè l, Vis Prezidan Sik Resèt yo (Revenue Cycle) epi, si nesèsè, Vis Prezidan prensipal la ak chèf finans lan.

KONSIY:

PWOTOKÒL FOUNISÈ:

EDIKASYON AK FÒMASYON:

Ekip Direksyon Aksesibilite Pasyan an ap gen responsablite edikasyon chak ane sou atant ki genyen nan politik sa. Nouvo anlwaye pou aksesibilite pasyan ap jwenn fòmasyon nan kad premye oryantasyon yo.

REFERANS:

APWOBASYON KOMITE/KONSÈY:

ANILASYON:

Tout sa ki nan dokiman sa gen fòs sou tout politik/pwosedi/pwotokòl/konsiy, memorandòm ak/oswa lòt kominikasyon ki te la anvan ki nan dokiman sa.